Impact Factor: 9.9 ISSN-L: 2544-980X

# Qaraqalpaq Hám Inglis Xalíq Erteklerindegi Járdemshi Personajlardíń Xízmeti

***Saitova Zaure*** [1]

**Annotatsiya:** Bu maqola ingliz va qoraqalpoq xalq ertaklaridagi farqlarni urganishga etibor qaratilgan. Ushbu maqolada muallif bu ikki turli hil xalqning ertaklaridagi qahramonlar va ertak mazmuniga, vokealar rivojiga va unda ishtirok etgan xarakterlarga chuqur e'tibor berib tahlil qiladi. Mavzuni uz ichiga olgan holda muallif ertakning bir qancha muhim tipologik uzgachaliklarini va uxshash tomonlarini, bu ikki turlicha xalkning ertaklaridagi g'oyaviy maqsadlarni anglaydi.

**Tayanısh sózler:** Folklor, obraz, janr, ertek, peri, dáw, quslar, alma.

Qaraqalpaq hám inglis xalıq erteklerin tipologiyalıq jaqtan salıstırıp úyreniw áhmiyetli máselelerdiń biri. Ásirese, xalıq erteklerindegi obrazlar sistemasın talqıǵa alıw, obrazlardıń túrleniw klassifikaciyası, uqsaslıq hám ózgeshelik belgilerin anıqlaw oǵada zárúr. Jetekshi obrazlar menen birlikte járdemshi qaharmanlar obrazınıń folklordaǵı ornı, payda bolıw evolyuciyası, kórkemlik wazıypasın úyreniw folklortaniwda úlken áhmiyetke iye.

Járdemshi qaharmanlar ertektegi xızmetlerine qaray, negizinen, járdemshi personajlar yamasa ekinshi dárejeli qaharmanlar dep te atala beredi. Demek, erteklerde járdemshi personajlar bas qaharmannıń óz maqsetine erisiwindegi xızmeti menen ózgeshelenip turadı. Olardıń ayırımları turmıslıq qıyaldan dóregen járdemshi personajlar sanaladı. Olar ertektegi mazmun hám xızmeti jaǵınan hár qıylı bolıp keledi: aǵa-ini, ana, apa-sińli, jarshı, at, qus, iyt, pıshıq hám t.b. Tiykarınan, járdemshi personajlar bas qaharmannıń átirapında, onıń xızmetinde kómekshi wazıypasın atqaradı.

Turmıslıq erteklerde járdemshi personajlar ápiwayı adamlar, yaǵnıy, otınshı ǵarrı, dana hayal, mıyman, jarlı adam, qız, bala sıyaqlı personajlar sıpatında turmıslıq waqıya-diyseler menen baylanıslı háreket etedi. Olar bas qaharmannıń xızmetinde bolıp, awırın jeńilletedi. Erteklerde járdemshi personajlar ekinshi dárejeli qaharmanlar sıpatında kórinedi. Bunday qaharmanlar ertektegi bas qaharmanǵa kerek waqıtında járdemge keledi, maqsetleriniń orınlanıwına úlken úles qosadı. Usıǵan tiykarlanıp "epikalıq kómekshi qaharman" [1:11] terminin qollanıw maqsetke muwapıq keledi. Kómekshi qaharmanlar, negizinen, ǵayrıtabiyiy minez-qulıqqa iye xarakteri hám sırtqı kórinisi arqalı ózgeshelenip turadı. Dúniya folklortanıwında, «epikalıq kómekshi» termini «helpers» degen atama túrinde qollanılǵan. "Help", yaǵnıy, járdem beriw, kómek beriw feyiline "-er" menshikli atlıq jasawshı qosımtasın qosıw arqalı "kómekshi", "járdemshi", "mádet beriwshi" mánisin ańlatıp keletuǵın "helper" atlıǵı jasalǵan. Onnan soń bul sózge "-s" kóplik qosımtasın qosıw arqalı "kómekshiler" túsinigin beretuǵın sóz payda bolǵan.

Járdemshi personajlar erteklerdegi bas qaharmanlardıń átirapında háreket etip, onıń arzıw-ármanlarınıń orınlanıwında ayrıqsha orın tutadı. Ertek qaharmanları járdemshi personajlardıń xızmeti arqalı hár qanday qıyınshılıqtan ańsat qutıladı. Zárúr payıtlarda járdemshi personajlardıń bergen másláhátleriniń járdeminde bas qaharmanlar jeńiske erisedi. Ásirese ol, bas qaharmannıń qarsılas obrazlardı, yaǵnıy, mástán kempir, dáwler, hár qıylı maqluqlardı, aydarha, qasqır hám t.b gúresinde jeńip shıǵıwına járdem etedi. Sonday aq, bas qaharmannıń bir waqıtları kórsetken jaqsılıqlarına juwap retinde, ájayıp, ǵayrıtábiyiy qásiyetke iye zatlardı beriw arqalı da olardıń islegen jaqsılıǵı ushın sıylıqlaydı.

Ásirese, qıyalıy erteklerde, fantastikalıq, romantikalıq mazmundaǵı ertek syujetinde járdemshi personajlar ayrıqsha kózge taslanıp turadı.

[1] Fakultetler ara shet tiller kafedrası assistant oqıtıwshısı, Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq Institutı

Izertlewshi S.Axmedova erteklerdegi kómekshi qaharmanlardı eki tipke bólip úyrenedi: “a) belsendi kómekshi qaharmanlar, b) belsendi emes kómekshi qaharmanlar. Belsendi kómekshi qaharmanlar shıǵarma syujetinde bas qaharman menen teńdey, uzaq hám júdá kóp xızmet kórsetedi. Belsendi emes kómekshi qaharmanlardıń wazıypası bolsa anıq emesligi, olardıń óz átirapındaǵı waqıya-hádiyselerge derlik aralaspawı, biyparwalıǵı kórinip turadı”.

Qaraqalpaq erteklerinde de, inglis xalıq erteklerinde de belsendi kómekshi qaharmanlar hám belsendi emes kómekshi qaharmanlar kóplep ushırasadı.

Qaraqalpaq xalıq erteklerindegi járdemshi personajlar bas qaharmanlardıń eń sadıq joldası hám máslahatshisi, eń jan kúyer kómekshisi bolıwı menen kózge taslanǵan bolsa, inglis xalıq erteklerindegi járdemshi personajlar bas qaharman aldına shárt qoyıp olardı orınlaǵannan soń ózleri de shın júrekten sadıq túrde kómeklesedi.

Inglis erteklerinde kóbinese, juwmaqlawshı bóliminde berilgen shártlerdi orınlaw nátiyjesinde úlken baylıqtı iyelew yamasa sıyqırdıń tutqınlıqtan azat bolıwı arqalı ertek qaharmanları murat -maqsetine jetisedi. Usı jaǵınan alıp qaraǵanımızda, inglis hám qaraqalpaq xalıq erteklerinıń syujetlik waqıyalarınıń hám obrazlarınıń bir qansha ayırmashılıqqa iye ekenligin kóremiz.

Dúnya xalıqlarınıń erteklerinde bas qaharman menen qarsılas qaharmanlardıń bir-birine shárt qoyıwı, usı shártlerdi orınlaw barısında járdemshi personajlardıń óz kómegin ayamay, shın kewilden xızmet etiwi eń kóp tarqalǵan motiv túrleriniń biri. Jáne de, shárt boyınsha berilgen tapsırmalardı orınlay almasa, yamasa jumbaqlı sorawlardı durıs sheshe almasa shártti orınlamaǵanlar hám juwap taba almaǵan personajlar ólimge buyırıladı. Bunday motivler qaraqalpaq xalıq erteklerinde de, inglis xalıq erteklerinde de jiyi ushırasadı. Ólimge buyırılǵan qaharmanlardı qutqarıwda, álbette, járdemshi personajlar ǵayrıtábiyiy kóriniste olardıń qasında payda boladı hám ertek qaharmanları óz járdemshileriniń kómegi menen báribir ertek juwmaǵında ólimnen azat etilip, murat - maqsetine jetedi hám baxıtlı turmıs keshiredi. Hátteki, bas qaharmanlar járdemshi personajlardıń kómegi arqalı úlken patshalıqtıń qızına úylenedi yaki ózi taxtqa iye boladı.

Járdemshi personajlar erteklerde hár qıylı kórinislerde, maqluq túrinde yamasa ǵayrıtábiyiy qásiyetke iye predmet, buyımlar, yamasa adam, haywanat, quslar, mifologiyalıq obraz sıpatında kórinedi. Bunday kómekshi qaharmanlar inglis xalıq erteklerinde brauni, peri, dáw, goblin, elf, aydarha, gnomlar, sıyqırshı obraz sıpatında háreket etedi.

“Erteklerdegi epikalıq kómekshiler janlı hám jansız kómekshi ekenligine qaray otırıp, olardı ekige ajıratıwǵa boladı: 1. Janlı kómekshiler: sıyqırshı kempir, sıyqırshı ǵarrı, at, maymıl, arıslan, balıq, quslar sıyaqlı hám taǵı basqa; 2. Jansız kómekshiler: pıshaq, dáp, suw ruwxları, nay, júzik hám taǵı basqalar”. Mısalı, “Tabılmas doslıq” atlı qaraqalpaq xalıq erteginde qus awlap, shikarǵa shıqqan jigittiń jaradar bolǵan qusqa atasınıń másláháti menen járdem beriwi sóz etilgen“. “Basıńa qanday da bolsa bir qıyınshılıq jetse, meni tawıp al, men pálendey qalada turaman, -dedi kók qus”. Qus jigit penen xoshlasıp ushıp ketedi.

Kúnlerden kúninde jigit ata-anasınan, bala-shaǵasınan, perzentinen de, hátteki, mal-dúnyasınan da ayrıladı. Sóytip, járdem soraw ushın dostısı kók qustı izlep jolǵa rawana boladı. Aldınan bir adam jolıǵıp, onnan kók qustıń xabarın soraydı.

“– Olay bolsa, kishkene kók sandıǵı bar, onı úlken bir sandıqtıń ishine salıp qoyıptı, sonı sora. Sonı alsań, bay da, baxıtlı da bolarsań, - depti” [2:86].

Kók qus jigittiń aytqanın qılıp, kók sandıǵın beripti. “Biraq úyińe barǵansha sandıqtı ashpa” depti. Jigit qızıqsınıp, yarım jolda sandıqtı ashıp qarasa, eki kepter ushıp shıǵıptı. Atılǵan mıltıqtıń dawısınan qorqqan jigit kózin ashıp qarasa qasında dostı kók qustıń otırǵanın kóredi. Kók qus dostısı ushın óz aǵasın atadı. Olardıń doslıǵı ele de qalıńlasadı.

Ertekte qustıń adamlar menen doslasıwdaǵı sadıqlıǵı, hámiyshe dostı ushın járdemge tayar ekenligi súwretlengen. Al, “Kók saqal” atlı inglis xalıq erteginde Djekke jaqsı kórgen qızı júzik sawǵa etip, júzik járdeminde Djektiń úyine qaytıwı sáwlelenedi.

Jansız kómekshilerden pıshaq, tayaq, dasturxan, gilem, kiyim, qalpaq, ton, saat, ayna, taraq, júzik, nay hám tağı basqalardıń qollanılıwı qıyalıy, sıyqırlı erteklerde kóbirek kózge taslanadı. Mısalı, “Djek alp dáw óltiriwshi” (“Jack the Giant Killer”) erteginde kórinbes qılatuğın qásiyetke iye zatlar – kamzol, qalpaq hám ayaq kiyim, “Molli Vappi” (“Molly Whuppi”) ertegindegi júzik, “Norroweydegi qara ógiz” (”The Black Bull of Norroway) ertegindegi temir ayaq kiyim, “Altın temeki qutı” (“The Golden Snuff-Box”) ertegindegi temeki qutı, “Chayld Roland” (“Childe Rowland”) ertegindegi qılısh, “Djek hám lobiya paqalı” (“Jack and the Beanstalk”) ertegindegi lobiya sıyaqlı járdemshi personajlardıń kómegi menen erteklerdegi bas qaharmanlar qıyınshılıqlardı ańsat jeńip, ózleriniń aldına qoyğan maqsetine erisedi hám ertek juwmağında baxıtlı turmıs keshiredi. Bunda hár qıylı predmetlerdiń ğayrıtábiyiy qásiyetleri, yağnıy, baxıt hám áwmet keltiretuğın tilsimli predmetler járdemi sebepli ertek qaharmanlarınıń múshkili jeńillesken. Bul haqqında izertlewshi N.Jumaeva bılay jazadı: “Tilsim predmetler erteklerdiń syujet- motiv kompoziciyasında, ertek kórkemligin arttırıwda, syujet waqıyaların rawajlandırıwda hám qaharmanlar xarakterin ashıp beriwde áhmiyetli orın tutadı”. [3:21]

Demek, erteklerdegi sıyqırlı predmetler bolğan járdemshi personajlardıń kómeginde ertek qaharmanları óz mánziline tez jetedi, nawqas adamdı emleydı, qaharmandı jeńiske bağdarlaydı, sıyqırdan azat etedi, tilegin ámelge asıradı, hár qıylı azıq-awqatlar payda etedi, hátteki, ólgen nárselerge jan endiredi.

Sıyqırlı tayaq obrazi da hár túrli jağdaylarda bas qaharmanğa mádet beriwshi, onıń arzıw-ármanlarınıń orınlanıwında, murat-maqsetine jetkeriwshi wazıypasın atqaradı.

*“Qudıqtağı úsh bas” (“Three heads of the well”)* erteginde ógey anasınıń zulımlığınan sharshağan patshanıń qızı ákesinen ruqsat sorap, óz baxtın tabıw maqsetinde saparğa atlanadı. Jolda bir úńgirdiń qasındağı tasta otırğan ğarrığa dus keledi. Ǵarrı qızdan dorbasında ne bar ekenligin soraydı. Qız ğarrığa óziniń dorbasındağı azığınan beredi. Ǵarrı qızğa minnetdarshılıq sıpatında sıyqırlı tayaq beredi. Sıyqırlı tayaq tikenekli toğayğa duslasatuğınlığın, ol tosıqtı usı tayaq penen úsh márte urıw arqalı asha alatuğının aytadı. Qız, rasında da usı tosıqtı sıyqırlı tayağınıń járdemi menen kesip ótip, jolın dawam etedi. [4:156]

Juwmaqlap aytqanda, járdemshi personajlardıń islegen xızmetleri erteklerdiń juwmağınıń jaqsılıq penen sheshiliwine túrtki boladı. Solay etip, ertek syujetiniń mazmunlı, qızıqlı sáwleleniwinde járdemshi personajlardıń atqaratuğın xızmeti ayrıqsha.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Ахмедова С. Инглиз ва ўзбек фольклорида эпик кўмакчи талқини спецификаси. – Бухоро, 2022. – Б.11.
2. Қарақалпақ фольклоры. II том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – Б.86.
3. Jumaeva N. Инглиз ва ўзбек халқ эртакларида сеҳрли предметлар образлантирилишининг мотивацион хусусиятлари. – Бухоро, 2022. – В.21.
4. Jacobs J. English fairy tales and more English fairy tales. – London, 2002. – pp. 156.